# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 जून 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु पश्चिम बंगाल के हुगली जिला में तारकेश्वर से प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना क 23वीं किस्त जारी कइलें। योजना के तहत 18 हजार 880 करोड़ रुपये से बेसी क रासि सोझे 9 करोड़ 44 लाख से बेसी किसानन के खाता में डीबीटी के जरिया से भेजल गइल। येह किस्त से देस क 2 करोड़ 18 लाख से बेसी महिला किसानो लाभान्वित भइलिन। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु झांसी से येह कार्यक्रम में वर्चुअल माध्यम से जुड़ले। एगो सोशल मीडिया पोस्ट के जरिया से उहां के कहली कि ई राशि खाली आर्थिक मदद नाहीं बलुक अन्नदाता किसानन के परिश्रम, सम्मान अउर समृद्धि के प्रति सरकार के अटूट प्रतिबद्धता क मजबूत प्रतीक बा। जौनपुर के किसान मुरारी लाल यादव प्रधानमंत्री सम्मान निधि क किस्त जारी भइले पर प्रधानमंत्री क आभार जतवले। मुरारी लाल यादव किसान

**आज प्रधानमंत्री द्वारा 23वें किस्त जारी की गयी। किसान को उससे किसानों को बहुत फायदा मिलता है और खाद पानी गेहूं के जो भी सिंचाई में काम में आता है। उसके लिए हम प्रधानमंत्री के सरकार के आभारी हैं। किसानों को बीज लेने के लिए खाद लेने के लिए जुताई वगैरह देने के लिए काम आ जाता है जैसे छोटे मोटे किसान हैं, उनको फायदा हो जाता है।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु ललितपुर में राजकीय मेडिकल कॉलेज के लेके एक हजार सात सौ छाछठ करोड़ रूपये लागत क दुई सौ एक्ईस विकास परियोजनन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई विकास परियोजना बुंदेलखंड के साथे उत्तर प्रदेस में स्वास्थ्य सेवा, आधारभूत संरचना अउर जनसुविधा के नया मजबूती देत क्षेत्रीय विकास के नया गति देई।

**विकास की प्रक्रिया अनवरत चलेगी, गरीबों के कल्याण के लिए सरकार की योजनाएं मजबूती के साथ आगे बढ़ेंगी। मैं केवल आपसे एक ही बात कहूंगा कि डबल इंजन की सरकार मोदी जी के नेतृत्व में बिना रुके, बिना डिगे, बिना थके, बिना झुके कार्य कर रही है। आपने देखा होगा जब अमेरिका और ईरान के युद्ध में पूरी दुनिया के अंदर ईंधन की आपूर्ति बाधित हुई, तब मोदी जी के नेतृत्व में भारत के अंदर ऊर्जा संकट न पैदा हो इसके लिए कार्य किया गया, जनता को राहत देने का कार्य किया गया।**

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी की ओरि से बिहने होखे वाली नीट–यूजी 2026 पुनर्परीक्षा के तइयारी के तहत आजु देसभर में मॉक ड्रिल कइल जा रहल बा। भिन्नही नौ बजे सुरू भईल ई अभ्यास पूरा दिन चलत रहल। येह अभ्यास में ढाई लाख से बेसी सुरक्षा कर्मी सामिल हवे। एकर उद्देश्य परीक्षा के सुरक्षित, निष्पक्ष अउर सुचारु संचालन तय कइल हवे। एजेंसी के हिसाबि से नीट–यूजी पुनर्परीक्षा भारत के पांच सौ इक्यावन सहरन अउर बिदेस के चउदह सहरन में आयोजित कइल जाई, जेहमें बाइस लाख उन्यासी हजार से बेसी अभ्यर्थी सामिल होइहें। प्रदेस में परीक्षा में सामिल होखे वाले अभ्यर्थियन खातिर रेलवे अउर रोडवेज प्रसासन की ओरि से व्यापक इतजाम कइल गइल हौ। पूर्वोत्तर रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सुमित कुमार बतवलें कि लखनऊ मंडल में कुल सात परीक्षा स्पेसल ट्रेन चलइले क योजना हौ। येहमें पर्याप्त कोच लगावल गइल हवें अउर विद्यार्थियन के कउनहू तरह क असुविधा नाही होइ।

**********

प्रदेस में जनगणना दुई हजार सताईस क पहिला फेरा, जेहमें मकानन के सूची बनावल अउर आवास जनगणना सामिल बा, बाईस मई दुई हजार छब्बीस से बीस जून दुई हजार छब्बीस ले तय समय के भित्तर सौ फीसदी सफलता के साथे पूरा हो गइल। येह कार क सफलता के राज्य खातिर एगो ऐतिहासिक उपलब्धि बतावल गइल हौ। राज्य भर में करीब एक दसमलव सून्य चार लाख गांव अउर चउदह हजार नौ सौ तिरासी वार्डन के कवर करत एक हजार एक सौ पनचानबे प्रभार क्षेत्रन में मकान सूचीकरण अउर आवास जनगणना आयोजित कइल गइल। संपूर्ण अभियान तीन लाख नब्बे हजार सात सौ सत्रह मकान सूचीकरण ब्लाकन के जरिया से पूरा कइल गइल।

**********

केंद्र सरकार सोरह गो फिक्स्ड डोज कॉम्बिनेशन–एफडीसी दवाई के बनवले बिक्री अउर वितरण पर जुरते परभाव से रोक लगा दिहले बा। ई फैसला सर्वोच्च न्यायालय के निर्देस पर कइल गइल विशेषज्ञ समिति के समीक्षा के बादे लिहल गइल। समिति पवलस कि ई सगरों दवाई के संयोजन क पुरहर चिकित्सीय औचित्य नहीं हौ अउर एकरे उपयोग से स्वास्थ्य संबंधी जोखिम हो सकेला। प्रतिबंधित दवा में त्वचा रोग, दर्द निवारण, ऐंठन अउर कुछु एंटीबायोटिक दवा सामिल बा।

**********

12वां अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस बिहने दुनियाभर में मनावल जाई येह बरिस के अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस क विषय 'स्वस्थ वृद्धावस्था के लिए योग' हवे, जवन सज्जों आयु वर्ग खातिर योग के महत्तव पर जोर देला। संस्कृति मंत्रालय भारत के समृद्ध सांस्कृतिक विरासत अउर योग परंपरा के दर्सावत देसभर में सौ जगहिन पर विसेसअंतर्राष्ट्रीय योग दिवस कार्यक्रमन क आयोजन करी। अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस क मुख्य समारोह प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अगुवाई में कोलकाता के ऐतिहासिक रेड रोड पर आयोजित कइल जाई। प्रदेस में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथों झांसी में योग दिवस पर आयोजित कार्यक्रम में सामिल होइहें।

**********